Pou Piblikasyon Imedya: 6/10/2022 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 9 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON FEDERAL POU SEKIRITE TERITWA

Sibvansyon yo ap ede finanse ekipman ak fòmasyon pou ranfòse preparasyon, pwoteje enfrastrikti ki enpòtan epi favorize avansman nan kapasite sekirite enfòmatik yo

Brigad antibonb yo, ekip pou materyèl ki danjere yo, ekip avèk chen pou deteksyon eksplozif yo, ekip taktik yo, ekip sovtaj teknik yo, enfrastrikti ki enpòtan ak sekirite enfòmatik la ap resevwa finansman

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 9 milyon dola nan sibvansyon finansman federal atravè pwogram Sekirite Teritwa Eta a pou 77 vil, lokalite, vilaj ak konte atravè sèt pwogram sibvansyon inik ki fèt pou amelyore preparasyon pou sekirite piblik ak kapasite pou entèvni. Espesyalman, finansman an repati bay brigad antibonb yo, ekip pou materyèl ki danjere yo, ekip avèk chen pou deteksyon eksplozif yo, ekip taktik yo, ekip sovtaj teknik ak ekip rechèch ak sekou iben yo nan New York. Sibvansyon sa yo pral itilize tou pou pwoteje ak sekirize enfrastrikti ki enpòtan, evènman rasanbleman an mas yo epi ranfòse kapasite sekirite enfòmatik gouvènman lokal yo.

"Kapasite sekirite teritwa New York la pral ranfòse anpil gras a patenarya sa a avèk Depatman Sekirite Teritwa (Department of Homeland Security, DHS) ak 9 milyon dola sibvansyon yo anonse jodi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Premye angajman mwen se kenbe Nouyòkè yo an sekirite, epi avèk lajan sa yo ki an plas, New York pral pi byen prepare pou reponn ak nenpòt menas sekirite ki ka vini".

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta a jere pwogram sibvansyon sible yo, epi li te deja distribiye apeprè 81.9 milyon dola pou pwogram enpòtan sa yo.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Sekouris New York yo fè fas ak divès kalite defi chak jou epi li enpòtan pou nou asire yo gen resous ki nesesè pou rezoud yo. "Finansman sa jwe yon wòl enpòtan nan efò sa pou ede konekte lapolis lokal ak pèsonèl ijans lan nan eta a avèk ekipman an ak fòmasyon yo bezwen pou kenbe kominote nou yo an sekirite, kèlkeswa menas la".

Benefisyè yo se konsa:

Brigad Antibonb yo
Pwogram sa a ede ekipe ak fòme 12 brigad antibonb lokal eta a ke Biwo Envestigasyon Federal (FBI) akredite pou lokalize ak evite ijans potansyèl ke aparèy eksplozif enpwovize oswa sa yo rele IED yo lakòz. Nou te akòde brigad antibonb New York yo plis pase 25.6 milyon dola nan finansman ki dedye ak sekirite teritwa a pandan 15 ane konsekitif. Yo te akòde 12 sibvansyon atravè opòtinite sibvansyon san konpetisyon sa a.

Sou-Benefisyè	**Montan finansman**
Chautauqua County	$85,000
Endicott, Village	$83,333
Erie County	$140,000
Monroe County	$112,500
Nassau County	$218,000
NYPD	$436,000
Onondaga County	$83,333
Rochester, City of	$112,500
Rockland County	$110,000
Suffolk County	$218,000
Syracuse, City of	$83,334
Westchester County	$318,000
Total	**$2,000,000**

Pwogram Sibvansyon Sible pou Materyèl Danjere yo:
Pwogram sa a ap sèvi kòm yon resous pou 18 ekip pou materyèl danjere rejyonal yo, ki andeyò Vil New York, pou yo sipòte ak ranfòse kapasite ekip pou materyèl ki danjere yo pou yo ede Nouyòkè yo reponn epi rekipere yo apre zak teworis ak lòt ijans yo. Rejyon yo ka itilize finansman sa a pou yo jwenn ak antretni ekipman esansyèl yo, reyalize Pwogram Akreditasyon Ekip pou Materyèl Danjere yo (HazMat Team Accreditation Program), òganize fòmasyon ak egzèsis, epi devlope ak mete plan repons pou materyèl danjere yo ajou. Yo te akòde dizwit sibvansyon atravè opòtinite sibvansyon san konpetisyon sa a.

Sou-Benefisyè	**Montan finansman**
Albany County	$171,750
Broome County	$107,900
Cayuga County	$81,900
Chautauqua County	$90,700

Columbia County	$44,300
Erie County	$189,800
Essex County	$179,800
Genesee County	$184,250
Jefferson County	$56,300
Montgomery County	$67,500
Nassau County	$76,900
Oneida County	$63,400
Onondaga County	$104,800
Orange County	$141,200
Schuyler County	$114,900
Seneca County	$110,600
Suffolk County	$91,500
Westchester County	$122,500
Total	**$2,000,000**

Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Enpòtan
Pwogram sa a pwomouvwa yon konpreyansyon ak apwòch komen parapò ak jesyon risk ansanm ak ofri finansman pou sipòte efò sekouris lokal yo ap fè pou diminye risk yo ak amelyore kapasite pwoteksyon nan sit evènman rasanblemen an mas/evènman espesyal yo ak sit enfrastrikti enpòtan gouvènman posede yo. Yo te akòde onz sibvansyon atravè opòtinite sibvansyon konpetitif sa a:

Sou-Benefisyè	**Montan finansman**
Coeymans, Town of	$39,540
Eastchester, Town of	$50,000
Erie County	$50,000
Freeport, Village of	$49,148
Nassau County	$50,000
Oneida, City of	$50,000
Ossining, Village of	$50,000
Suffolk County	$20,595
Syracuse, City of	$50,000
White Plains, City of	$42,940
Yonkers, City of	$47,777
Total	**$500,000**

Pwogram Sibvansyon pou Sekirite Enfòmatik: Pwogram sa a ofri sipò finansman pou konte, vil, lokalite ak vilaj ki elijib yo pou yo ranfòse kapasite yo pou yo pwoteje, detekte, idantifye, entèvni epi retabli apre ensidan enfòmatik. Nou ka itilize finansman

an pou diminye eka nan kapasite yo idantifye atravè yon metodoloji evalyasyon risk atravè ekipman, fòmasyon, planifikasyon ak depans pou egzèsis. Yo te akòde karant senk sibvansyon atravè opòtinite sibvansyon konpetitif sa a.

Sou-Benefisyè	**Montan finansman**
Albany County	$50,000
Albany, City of	$50,000
Carmel, Town of	$2,626
Cayuga County	$50,000
Chemung County	$50,000
Clinton County	$48,000
Columbia County	$27,990
Dutchess County	$50,000
Essex County	$50,000
Franklin County	$50,000
Freeport, Village of	$50,000
Fulton County	$50,000
Geddes, Town of	$48,750
Genesee County	$50,000
Hamburg, Town of	$38,317.50
Hempstead, Village of	$50,000
Herkimer County	$22,500
Lewis County	$50,000
Monroe County	$50,000
Nassau County	$50,000
Newfane, Town of	$14,500
Niagara County	$50,000
Niagara Falls, City of	$50,000
North Greenbush, Town of	$50,000
NYC Fire Department of New York	$50,000
Oneida County	$50,000
Oneida, City of	$50,000
Ontario County	$13,506.53
Orange County	$50,000
Orangetown, Town of	$50,000
Rockland County	$42,989
Schenectady County	$50,000
Schenectady, City of	$50,000
Seneca County	$15,706.87
Smithtown, Town of	$50,000
Steuben County	$50,000

Sullivan County	$50,000
Syracuse, City of	$40,487.10
Tompkins County	$46,170
Ulster County	$50,000
Washington County	$50,000
Wayne County	$50,000
Westchester County	$50,000
Wolcott, Village of	$38,457
Wyoming County	$50,000
Total	**$2,000,000**

Pwogram Sibvansyon pou Ekip avèk Chen pou Deteksyon Eksplozif
Finansman atravè pwogram sa ap ofri ajans lapolis lokal yo èd patwouy sou wout ki aktif pou yo devlope ak amelyore kapasite dresaj chen pou deteksyon eksplozif yo. Ekip avèk Chen pou Deteksyon Eksplozif yo ofri yon kapasite repons mobil pou deteksyon ak idantifikasyon ensidan potansyèl kote yo itilize aparèy eksplozif yo. Anplis prezans dekourajan sa a, yo ofri yon prezans lapolis vizib ak pwoaktif nan zòn kote ki gen aktivite rasanbleman an foul yo, sant transpò yo ak sit enfrastrikti enpòtan yo. Yo te akòde karant uit sibvansyon atravè opòtinite sibvansyon konpetitif sa a.

Sou-Benefisyè	**Montan finansman**
Albany County	$50,000
Albany, City of	$15,000
Binghamton, City of	$15,000
Chautauqua County	$15,000
Erie County	$14,700
Goshen, Village of	$50,000
Livingston County	$14,780
Middletown, City of	$50,000
Monroe County	$15,000
New York City Police Department	$15,000
New York City Police Department	$50,000
Niagara County	$14,999
Onondaga County	$15,000
Orange County	$50,000
Orange County	$6,000
Oswego, City	$14,242
Peekskill, City of	$15,000
Rochester, City of	$15,000
Rockland County	$15,000

Saugerties, Town of	$15,000
Schenectady County	$15,000
Suffolk County	$15,000
Utica, City of	$50,000
Washington County	$22,067
Westchester County	$50,000
Westchester County	$15,000
White Plains, City of	$15,000
Woodbury, Town of	$15,000
Total	**$661,788**

Pwogram Sibvansyon ki Silbe pou Ekip Taktik
Finansman sa a ap sipòte ekip taktik Eta New York yo, epi ba yo konpetans ak kapasite ki apwopriye pou yo ka bay yon repons ki sekirize epi ki reyisi lè gen ensidan a risk elve yo, ki gen pami yo evènman tirè aktif yo ak lòt misyon kont teworis yo. Finansman an dwe sipòte akonplisman/soutyen akreditasyon Eta New York ekip pou ekip taktik yo pou enkli ladan depans pou ekipman ki nesesè pou sipò yo, planifikasyon ak fòmasyon yo ki nesesè pou reponn a estanda ki rigoure yo. Yo te akòde kenz sibvansyon atravè opòtinite sibvansyon konpetitif sa a.

Sou-Benefisyè	**Montan finansman**
Amherst, Town of	$75,000
Buffalo, City of	$75,000
Colonie, Town of	$75,000
Erie County	$75,000
Ithaca, City of	$75,000
New Rochelle, City of	$75,000
Niagara Falls, City of	$75,000
Ossining, Village of	$38,439
Rochester, City of	$75,000
Suffolk County	$75,000
Syracuse, City of	$75,000
Troy, City of	$74,773
Utica, City of	$75,000
White Plains, City of	$75,000
Woodbury, Town of	$75,000
Total	**$1,088,212**

Pwogram Sibvansyon Sovtaj Teknik ak Rechèch ak Sovtaj Iben
Pwogram sa konsantre sou amelyorasyon ekip Sovtaj Teknik ak ekip USAR yo pou sekouris ijans lokal yo ki mennen operasyon rechèch ak sovtaj ki enplike efondman estriktirèl, fose, espas restren, ak sovtaj nan kòd. Yo te akòde uit sibvansyon atravè opòtinite sibvansyon konpetitif sa a.

Sou-Benefisyè	Montan finansman
Albany County	$74,986
Chautauqua County	$105,550
Monroe County	$130,938
Nassau County	$75,000
New York City	$74,989
Niagara County	$73,804
Orange County	$149,980
Schenectady County	$64,753
Total	**$750,000**

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Kòm fonksyonè piblik, asire pwoteksyon ak sekirite rezidan yo se premye direktiv nou. Se poutèt sa mwen akeyi anons Gouvènè Hochul fè pou repati finansman federal sa a ke mwen te ede jwenn nan Kongrè a pou bay sibvansyon sekirite teritwa nan tout eta New York. Fon an pral distribiye bay 77 vil, lokalite ak vilaj atravè eta a pou ede ranfòse efò sekirite yo ki gen ladan brigad antibonb yo, ekip rechèch ak sovtaj materyèl danjere yo ak inite K9 deteksyon eksplozif yo. Nou dwe konbat menas nasyonal ak entènasyonal yo pou ranvèse lavi chak nou. Anons jodi a pral ede asire sekirite piblik la avèk vijilans ak pridans, se pa avèk alam ni laperèz".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418